# Билими күшли мыңды жығар

Усы жылдың 24-март күни Физика пәнинен Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети  Ректоры кубоги Олимпиадасының Республикалық басқышында Шоманай районы 14-санлы мектептиң 11-класс оқыўшысы Салиев Султанбек Адилбай улы 92 балл менен Қарақалпақстан Республикасы бойынша сыйлы 1-орынды ийеледи.

Image not found or type unknown

Бунда Султанбектиң ақыл  зийреклиги, билими айрықша билинип турды. Себеби тийкарғы 50 тест ҳәм кейинги берилген қосымша тест бойынша Амиўдарья районы оқыўшысы менен топлаған баллары тең болып қалып, үшинши рет берилген қосымша 5 есап бойынша өзиниң терең билими менен жеңиске еристи.

Image not found or type unknown

Пән муғәллими А.Балтамуратовадан келешекте районымыздан буннанда жақсы, билимли жасларды тәрбиялап шығарыўына исенемиз.

Олимпияда жуўмағында жеңимпазлар Диплом ҳәм қымбат баҳалы саўғалар менен сыйлықланды.

Шоманай районы ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети.